*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№71 (26523)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 23 апрель – хуымгæнæны мæйы 23 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АДÆМТЫ ИУДЗИНАД
*Марафон: "Зонындзинæдтæ. Фыццæгтæ"*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Æмбырд**

## Хæсы бæрц фæкъаддæр кæнынæн



**Цæгат Ирыстоны районты бамбырдуæвæг хъалонты хæсы бæрц фæкъаддæр кæнынил ныхас уыд, республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым. Архайдтой дзы æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнты æмæ Хъалонты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы разамонджытæ, стæй фидауынгæнæг тæрхонгæнджытæ æмæ муниципалон иугæндты сæргълæуджытæ.**

Амынд управленийы разамонæджы хæдивæг **Кæсæбиты Сергейы** ныхасмæ гæсгæ, ацы азы фыццаг квартæлы республикæйы бюджетмæ бафтыд 9 миллиард сомы, ома, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 314 милуан сомы фылдæр. Афæдзы бæрæггæнæнтæм гæсгæ иумæйаг хъалонтимæ баст æппæт фидаргонд бардзырдтæ кæд æххæстгонд æрцыдысты, уæддæр иуæй-иу фарстатæ æнæлыггондæй баззадысты. Ныхас цыд зæххы хæйтты хаццоны фиддонтæй бамбырдуæвæг хæсы бæрц фæкъаддæр кæнынил дæр.

– Хорзырдæм ивддзинæдтæ æрцыд, фæлæ иуæй-иу къабæзты куыст фæрæвдз кæнын хъæуы. Алы районы дæр цы муниципалон къамистæ архайы, уыдоны куыстмæ уын уе ’ргом здахын. Къамисты куыст хъуамæ уа ахадгæ. Уымæй уæлдай, æппæт инвестицион проекттимæ баст хæслæвæрдтæ иууылдæр æххæстгæнинаг сты. Ацы куыстæй бюджетмæ æфтæг фæрæзты бæрц аразгæ кæй у, уымæ гæсгæ хъуыддагмæ иудадзыг цæст дарын хъæуы. Республикæйы Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** ратта æмбæлгæ бардзырдтæ, – загъта премьер-министр.

Паддзахадон исбоны æмæ Финансты министрадтæн, районты сæргълæуджытæн, стæй Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады администрацийы барадон управленийæн бафæдзæхста хæсы бæрц бахынцын æмæ йæ бадомыны фæдыл бæлвырд фæндæттæ бавдисын.

Уымæй уæлдай, Хицауады Сæрдар районты администрацитæн бахæс кодта фæкъуыввитт, уыцы куыстуæтты тыххæй хабæрттæ афоныл хъусын кæнын. Уыимæ, хъалонтæ æмæ фиддонты хæсы бæрц цæмæй фæкъаддæр уа, уый тыххæй хъалонты оргæнтимæ æмгуыстад фæпарахат кæнын хъæуы.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-слжбæ**

**Хъуыддаджы фембæлд**

## Ныхас – æмгуыстады райрæзтыл

**Æртæ азы размæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ Мæскуыйы дунеон ахастдзинæдты паддзахадон институты ректор, Иугонд Нациты Организацийæн ахъазкæнынады уæрæсейаг цæдисы сæрдар Анатолий ТОРКУНОВ цы æмгуыстады бадзырд бафыстой, уый бындурыл нæ регион æмæ амынд ахуыргæнæндоны ’хсæн парахат кæны æмархайд.**



Документ арæзт у нæ республикæйы наукон-ахуырадон æмæ иртасæн авналæнты райрæзтмæ, стæй наукæ æмæ ахуырадон практикæ баиу кæнынмæ. Ацы куыст æххæст кæнгæйæ, æрæджы Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ректор **Огъуаты Аланæн** уыд хъуыддаджы фембæлд амынд мæскуыйаг институты ректор Анатолий Торкуновимæ. Фидæны дипломатты æмæ дунеон ахастдзинæдты къабазы экспертты чи иу кæны, В.И. Чуркины номыл ИНО-йы ныхас цыд мæскуыйаг уыцы дунеон уагæвæрды – егъаудæр студентон фæстæй иуы фæткмæ гæсгæ.

Амынд адæймæгтæй фæстæмæ ныхасы архайдтой ИНО-йæн ахъазкæнынады уæрæсейаг цæдисы сæрдары фыццаг хæдивæг **Алексей Борисов** æмæ амынд цæдисы цæгатирыстойнаг хайады сæрдар **Мæхъиты Аким**.

Уæлдай фылдæр æргом аздæхтæуыд фæсивæдон дипломатийы, Кавказы адæмты ’хсæн бастдзинæдтæ фидар кæныны æмæ гуманитарон æмгуыстады райрæзты фарстатæм. Ахуырадон программæтæ скусын кæнын æмæ экспертон сесситæ аразыны хъуыддæгтæ нымад сты сæйрагдæртыл.

Наукон-иртасæн æмæ æхсæнадон-дипломатон архайды ахсджиаг къабазыл нымад сты дунеон транспортон фæндæгтимæ баст проекттæ, æмæ сыл хицæнæй æрныхас кодтой. Фембæлды архайджытæ дарддæр æмгуыст кæнынмæ, стæй регионы фæсивæдон ахуырадон æмæ экспертон авналæнты райрæзтмæ арæзт иумæйаг проекттæ æххæст кæнынмæ сты цæттæ.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

**Хæрзиуæг**

## Сæрыстыр дзы у Ирыстон!

**Дыгуры районы сæргълæууæг ЦАГЪАТЫ Сослан ссис Æппæтуæрæсеон III муниципалон преми «Хи нывонд»-ы («Служение») номинаци «Лæгдзинад æмæ хъæйтардзинад Райгуырæн бæстæйы сæраппонд»-ы («Мужество и героизм на благо служения Родине») лауреат.**



Уæлдай æхсызгондæр та район æмæ республикæйы цæрджытæн у, хæрзиуæг ын Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин** кæй ратта, уый.

Не ’мзæххон ахæм стыр кады аккаг сисс æрмæст йæ хъæбатырдзинады тыххæй нæ, фæлæ, цы ахсджиаг хъуыддаджы сæргъы лæууы, уымæ бæрнон ахастдзинады, бахъуаджы сахат сæвзæргæ цæлхдуртæ æвæстиатæй нывыл аиуварс кæныны тыххæй. Цагъаты Сосланы хуызæн хъуыддаджы лæгтæ сты адæмæн æмæ нæ бæстæйæн лæггад кæныны æцæг æвдисæнтæ, æмæ дзы сæрыстыр у Ирыстон!

Бæрзонд хæрзиуæджы фæдыл Дыгуры районы сæргълæууæгæн зæрдиаг арфæ ракодта нæ республикæйы разамонæг **Сергей Меняйло.**

**Нæ уацхæссæг**

**Ахуырад**

## Фидæны дæсныйад равзарынæн



**Дзæуджыхъæуы бирæкъабазджын техникумы уыд Гом дуæртты æппæтуæрæсеон бон.**

Алыхуызон дæсныйæдтæм гæсгæ мастер-класстæ бабæрæг кæнгæйæ, 200 скъоладзауæй фылдæр аныхас кодтой ахуыргæнджытимæ, студенттæ æмæ куыстдæтджытимæ. Рæхджы фидæны дæсныйад чи æвзардзæн, уыцы фæсивæдæн уыд техникумы материалон бындуримæ, цæттæкæнынады къабæзтæ æмæ ахуырады уавæртимæ базонгæ уæвыны фадат.

Ахуыргæнæндоны директор **Дзгойты Станиславы** ныхасмæ гæсгæ, техникумы арæзт авд равдисæн фæзы фæрцы фидæны абитуриенттæн уыд канд кусæг дæсныйæдты тыххæй хабæрттæ базоныны нæ, фæлæ ма куысты хи бафæлварыны фадат дæр.

– Техникумы ахуырадон-куыстадон æрмадзты зæрдиагæй бакусгæйæ, фæсивæд базонгæ сты дæсныйæдтæ «Сантехникæ æмæ хъармкæнынад»-имæ, «Электромонтаж», «Æндадзæн технологитæ», «Хилдасæн аивад» æмæ æндæртимæ. Фæсивæд дæсныйæдтимæ цæмæй хуыздæр базонгæ уой, мастер-класстæ уымæн ахъаз кæнынц. Уымæй уæлдай, скъоладзаутæн уыд куыстдæтджытимæ аныхас кæныны фадат. Æнахъомтæ фидæны дæсныйадыл цæмæй ахъуыды кæной æмæ йæ афтæмæй цæмæй равзарой, амынд нывыл карст дзыллон мадзæлттæ уымæн пайдайаг сты, – загъта Дзгойы-фырт.

**Фиппаинаг:** Гом дуæртты бонтæ техникумы рæстæгæй-рæстæгмæ саразынц.

**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы цæгатирыстойнаг регионалон хайады пресс-службæ**

**Уæлахиздзаутæ**

## Мамсыраты Хадзы-Умары ныв – Цхинвалы

**Фонд «Фæлтæртæн зæрдыл дарынæн»-ы æххуысæй проект «Фæуæлахиз сты иумæ»-йы фæлгæты Цхинвалы 5-æм скъолайы къулыл фæзынд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыр Мамсыраты Хадзы-Умар-ы (Ксантийы) ныв.**



Монументалон нывкæнынады хуыз – муралæй дзæуджыхъæуккаг нывгæнæг **Цæгæраты Давид** йæ радон сфæлдыстадон куыстæй равдыста ирыстойнаг хъæбатыры сурæт, йæ фæстæ та – символикон хуызы ныв: Испанийы йæ хъæбатырдзинад æвдисæг бонтæм цæуæг хид. Проекты фæрцы цалцæггонд æрцыд, скъолайы кæрты йын цы бюст сæвæрдтой, уый дæр. Сног кодтой, скъолайы фæзуатыл цы стендтæ ис, уыдон дæр. Уымæй уæлдай, ацы скъола райста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы æфсæддон формæ æмæ кусæнгæрзтæ патриотон мадзæлттæ аразынæн.

**Нæ уацхæссæг**

## Дзырды фарн

*Хъазын хорз у, рæстæг куы амона, уæд.*

*ФÆРНИОН*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **23 апрелы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **3 – 7 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 13,42 | Хурыскаст — 05,07<br>Хурныгуылд — 18,52 | Валютæйы аргъ | Доллар — 74,09<br>Евро — 85,41 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Геноциды ныхмæ

# Ферохгæнæн нæй




**19 апрелы сбæрæг кодтам 1941-1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман советон адæмы геноциды амæттæгты номарæн бон.**

Ацы боны кадæн Цæгат Ирыстоны Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрад, Адæмты хæлардзинады республикон хæдзар æмæ Дзæуджыхъæуы Æхсæнадон совет сарæзтой номарæн рухсадон-патриотон акци.

Акцийы архайджытæ базонгæ сты амынд боны фæзындил дзурæг æууæлтимæ, стæй байхъуыстой Советон Цæдисы регионты æххæстгонд адæмты геноциды тыххæй ахсджиаг хабæрттæм.

Æмбырды архайджыты раз раныхас кодтой нæ республикæйы паддзахадон хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ, ахуыргæндтæ, национ-культурон æхсæнадты уæнгтæ, регионалон хæстыты æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, концентрацион лагерты фæбадæг ахст адæймæгтæ, хæсты сывæллæттæ, стæй Дзæуджыхъæуы ахуыргæнæндæтты студенттæ. Рагондзинады æмгъуыд кæмæн нæй, ахæм æвирхъау цаутыл дзурæг видео-æрмæджытæ æмæ къамтæ æвдыст æрцыдысты.

**Арæзт акцийы хæстæ:**

– нацистты арæзт фыдракæндты егъаудзинады тыххæй æнæхин хабæрттимæ фæсивæды базонгæ кæнын;

– фæсивæд историон номарæнæн аргъ цæмæй кæной, ууыл архайын.

– патриотизмы хъомыладæн, граждайнаг бæрнондзинадæн, стæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман советон адæм кæй равдыстой, уыцы сгуыхтдзинæдтæн дзыллæтæ аргъ цæмæй кæной, уымæн ахъаз кæнын;

– 19 апрелы – 1941-1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман советон адæмы геноциды амæттæгты номарæн бон – паддзахадон хицаудзинады, æппæт бынæттон хиуынаффæйады оргæнты, ахуырадон, наукон æмæ культурон кусæндæтты архайдмæ цæст дарын;

– мæнг историон хабæртты æмæ нацизмы реабилитацийы ныхмæ архайын.

Акцийы раныхасгæнджытæ – амынд министрады разамонæджы фыццаг хæдивæг **Петр Павлов**, нæ республикæйы Ветеранты советы каджын сæрдар, отставкæйы инæлар-майор **Къаболаты Солтан**, Хуссайраг æфсæддон зылды иугонд стратегион командæкæнынады инспектор, инæлар-майор **Елхъанаты Владимир**, Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы паддзахадон уынаффæгæнæг **Тебиаты Еленæ**, Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады минæвар Дзæуджыхъæуы **Мамиаты Багир**, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, концлагер «Освенцим»-ы фæбадæг **Карсанаты Владимир**, Дзæуджыхъæуы Æхсæнадон советы патриотон хъомылады къамисы сæрдар, булкъон **Гецаты Валери**, национ-культурон æхсæнадты сæрдартæ **Анатолий Харин, Аракси Сафрониди, Александр Апостолиди, Лев Стоцкий, Валерий Устинов** æмæ æндæртæ – куыд загътой, афтæмæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман нацисттæ æмæ сæ хъузæттæ оккупацигонд территоритыл советон адæмы ныхмæ кæй сарæзтой, уыцы фыдракæндтæ рох кæнын не ’мбæлы, стæй, адæм нацизмы зондахастыл разы цæмæй ма уой, уымæн ахъаз кæнын хъæуы.

Уæрæсейы Президент Владимир Путин æмæ бæстæйы разамынд 19 апрелы геноциды амæттæгты номарæн бон кæй расидтысты, уымæн ис стыр ахадындзинад.

Акцийы кæрон Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы динамонæг, протоиерей **Фыд Евгений (Попович)** æмбырды архайджытæн бафæдзæхста геноциды темæмæ æргом баздахын. Адæмты хæлардзинады республикон хæдзары директор **Александр Охотников** та акцийы архайджытæн бузныг загъта.

Нацизм ногæй кæй нал фæзындзæн, акцитæ уымæн кæй ахъаз кæнынц, ууыл зæрдæ дарæн ис.

**ХЪАЙТЫХЪТЫ Тамарæ,**
**РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры уынаффæгæнæг, Дзæуджыхъæуы Æхсæнадон советы нымæрдар**

Æнæниздзинад

# Цæрынмæ, фæллой кæнынмæ райгуырæм

**Ахъуыды кæн, уæд адæймаджы æнæниздзинад баст у йæ ныййарджытæй райст æууæлтæй, фæллой æмæ цардыуаджы уавæртæй, хойраджы æнаипдзинадæй, доны, æрдзы æмæ ма раст йæ сыхæгтæ хорз кæй сты, уымæй дæр. Фæлæ дзы уæддæр бинонты хъæрмуддзинадæй сæйрагдæр ницы ис.**

Ис ма æндæр хабæрттæ, миниуджытæ дæр ранымайæн, фæлæ уæддæр кад кæнын хъæуы фæллойгæнæг адæймагæн. Кæд æмæ вазыгджын куыст кæны, тæссагдзинæдтæ æвзары, уæд хъуамæ йæ архайды рæстæг къаддæр уа. Иса дзæбæхгæнæн хойраг, æрвылаз æм дохтыртæ кæсой, иртасой йын йе ’нæниздзинад.

Ирыстоны климæт хорз ахады адæймаджы æнæниздзинадыл, хæххон уæлдæф, дон хæрзад, зæххы мæр дæр дзæбæх у. Бирæ хурбонтæ скæны Зæронд Бæтæхъойыхъæуы, Раздзоджы, Заманхъулы æмæ æндæр рæтты. Уыдæттæ нæ хъуамæ рох мæ уой, æрмæст мыддæттæг кæрдæгæн йæ ахадындзинад хъуамæ æмбарæм. Нæ уыгæрдæнтæ, хъæдтæ, дзæбæхгæнæн кæрдæджытæ, дыргътæ...

Нæ бон уаид харбыз æмæ несийы куыст кæнын, фос фылдæр дарын. Æрмæстдæр хъуамæ цæрæгуд уарза фæллой кæнын, йæ зæрдæ йæ куыст, йæ архайдæй райа. Фылдæр æргом здахын хъæуы рæзгæ фæлтæртæм, сæ уды сын куыстмæ уарзондзинад бавæрын, æрдзы хæрзтæн аргъ кæнын. Ома, хъæуа-нæ хъæуа сæ уынаффæты бын фæкæн, уый дæр пайда нæу.

Адæймаджы зæрдæйы фаг ис æнкъарæнтæ, кæстæры уарзын хъæуы, ома, æмхуызонæй иттæг хорз, фæзминаг нæ разындзысты. Къостайы ныхæстæ-иу æрхъуыды кæнут: «лæппуйæ рæдийаг нæ вæййы æвзæр». Фæрæдыди, уæд ын ныххатыр кæн, йе уæхскыл ын дæ къух æрæвæр... Адæймаджы зæрдæйы бирæ цыдæртæ бацыд, зæгъæм рæсугъддæр æнкъарæнтæ æмæ хæрам, æдзæстуарзондзинад, хæлæг...

Иу афон, азтæ нæхи куы фæвæййынц, уæд хъуыдытæ сæрмæ ныццæвынц, куыд нæ фæуарзы адæймаг йæ кæстæрты, фæлæ уæддæр уыдоны цотмæ ноджы фылдæр узæлд æрхауы. Хъуамæ сæ æппæлгæ кæнæм, уæд рæдыд дæр ахæм уæззау фæд нæ уадздзæн йæ фæстæ. Афтæмæй сæ фæллоймæ дæр ис раздахæн. Уарзгæйæ! Зæгъæм, хæдзары цы цæхæрадон ис, уым сæ ис бафтауæн куыстыл.

Хъуамæ нæ бон нæхи фаг уа фос дæр дарын, мыдыбындзытæ дæр, цæхæрадоны куыст кæнын. Цæмæн хъуамæ æлхæнæм алы халсартæ, дыргътæ кæмдæр базарты, нæ цæхæрадæттæ рохуаты хъуамæ баззайой? Мыдыбындзытæм фылдæр æргом аздахæм. Бæлæстæ, дидинджытæ хъуамæ уыдоны бæрны уой, сæ рыгдзыд уыдонæй кæнгæ у. Нæ ныхас адæймаджы æнæниздзинадæй райдыдтам, уымæ æрцыдыстæм ногæй.

Хи къухвæллойæ ист дыргътæ, халсартæй хуыздæр æмæ пайдадæр нæй. Адæймаджы удæгас буарæн уымæй ахъаззагдæр хос нæй. Хъуамæ химион хъацæнтæм уа уæлдай цæстдард, æнæ нымадæй сæ ныккал хуымгæнды, уый æрмæстдæр зиан æрхæсдзæн. Афтæмæй æппæт уыдæттæ фæзындзысты удæгас буарыл. Низ йæхиуыл схæцдзæн. Мах та цæрынмæ, фæллой кæнынмæ райгуырæм.

**БЕДОЙТЫ Зелимхан,**
**ДЗАНТИАТЫ Леонид,**
**ÆЛБЕГТЫ Сухел,**
**Беслæныхъæуæй**

Алагиры районæй

# Адæмы фыдбæллæхæй бахизын




**Чернобылаг Атомон электростанцæйы бæллæхы 40 азы агъоммæ Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ фембæлдысты Цæгат Кавказы механизацийы, автоматизацийы æмæ хъæды хæдзарадæн разамынддæттыны техникумы студенттимæ.**

Пъæлицæйы кусджытæ рæгъмæ рахастой радиацон, химион æмæ биологон æппарæццæгтæй цæрджыты бахизыны фарстатæ. Лекци баст уыд нырыккон тæссагдзинæдтимæ, уыдоны ныхмæ æрлæууынимæ, радиацион низтæ рапарахат кæнынимæ, химион хæцæнгарзы архайдимæ. Ахæм рæстæг пъæлицæйы хайад куыд кусы, уыдæттæ дæр радзырдтой, радиацион æмæ химион цæстдарды архайд дæр раргом кодтой.

Уæлдай æргом аздæхтой Чернобылаг бæллæхы фæстиуджытæм, æнæнхъæлæджы уавæрты хи дарыны, дзыллон æмæ алкæй хицæнæй фыдбылызæй бахизыны фæрæзтæм. Барадхъахъхъæнджытæ студентты базонгæ кодтой алыхуызон противогазтимæ, хи бахъахъхъæнæн уæлæдарæсимæ, æнæнхъæлæджы уавæрты ахъазгæнæн прибортимæ.

Ацы ахсджиаг лекци бантыст техникумы директоры уынаффæгæнæг **Цыбырты Миленæйы** руаджы. Уымæн йæ фыд, **Цыбырты Руслан**, 1986 азы уыд Чернобылаг фыдбæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнджыты ’хсæн. Уæд бæллæхы ран райста рентгенты стыр бæрц, уыдæттæ фыст æрцыдысты йæ хыгъдон чиныджы. Йæ сæрвæлтау фыдæбон бæрæггонд æрцыд Фæскомцæдисы Центрон комитетæй. Студенттæ æппæт уыцы хабæрттæм хъуыстой зæрдæбынæй.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

# Æнæмæлгæ полкъ





ГÆБÆРАТЫ Артем



РУБАЙТЫ Абрам



САУТÆТЫ Владимир



САУТÆТЫ Лаврента



САУТÆТЫ Илья



МАЛИТЫ Темболат



ДЗАНÆГАТЫ Никъала



ДЗИРАТЫ Ехъя



ГУСАТЫ Агуыбечыр



ГУСАТЫ Арсæмæг



МЫЛЫХУАТЫ Азджери



МЫЛЫХУАТЫ Хадзымурат

# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ



## Хæсты тыххæй дзурын нæ уарзта Бекызæ…

**Ирыстоны алы цæрæг дæр зоны дзуарыхъæуккаг Гæздæнты авд æфсымæры трагикон хъысмæт. Ацы хъæуы 1943 азы цыдис уæззау хæстытæ гитлерон æфсæдтимæ. Тохы быдырмæ Дзуарыхъæуæй ацыд 286 нæлгоймаджы æмæ ма дзы йæ фыдыуæзæгыл сæмбæлд æрмæстдæр 97, иннæтæ сæ цард раттой Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау. Йæ хæдзармæ ма чи сыздæхт, уыдонæй иу уыд Гæджынаты Дзибойы фырт Бекызæ (йе 'мхъæуккæгтæ йæ хуыдтой Пит).**

Нæ уацхъуыды хъайтар райгуырд 1924 азы. Бекызæ мæйдзыдæй сидзæрæй баззад, хъомыл кодта фыдыусы къухы, æмæ афтæ куы зæгъæм, йæ сидзæры бонтæ дзаг уыдысты зындзинæдтæй, уæд рæдыд нæ уыдзæн. 1942 азы æвддæсаздзыд лæппумæ фæдзырдтой Сырх æфсады рæнхъытæм. Абон уыцы кары лæппуты æнахъомтæ хонынц, фæлæ хæсты уæззау уавæртæ ахæм æнахъомтæй арæзтой лæгтæ, æрвылбон мæлæты уазал цæстытæм кæсгæйæ, фидар ныхкъуырд лæвæрдтой знагæн.

Йæ хæстон фæндæгтæ зын æмæ дæргъвæтин уыдысты Бекызæйæн. Архайдта, историйæ абон «Чысыл зæхх», зæгъгæ, кæй зонæм, уый немыцаг фашисттæй суæгъд кæныны хæстыты. Хъæбатырæй тох кодта йе 'мбæлттимæ, гитлеронтæ Азовы денджызæй Новороссийскмæ цы «Æрвгъуыз хахх» сарæзтой, уый батоныны Новороссийскаг-Тамайнаг операцийы. Суæгъд кодтой знæгтæй Новороссийск, стæй Таманы æрдæгсакъадах. Тох тынг карз кæй уыдис, ууыл дзурæг у, немыцæй уыцы операцийы 281 мин салдат æмæ афицеры кæй фæмард, уый дæр.




1944 азы Бекызæ радон тохы уæззау цæфтæ фæци, бирæ рæстæг æй госпиталы дзæбæх кодтой, æмæ къамис уынаффæ рахаста, хæстæн бæзгæ кæй нал у, уый тыххæй. Йæ буары цы знаджы хотыхты судзгæ схъистæ баззад, уыдон сисын дохтыртæн сæ бон нæ баци.

Æрыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ дыккаг къорды инвалидæй. Гæджынаты лæппу ирон лæджы ном кæй нæ фæхудинаг кодта, ууыл дзурæг уыдысты йæ хæстон хæрзиуджытæ – Фыдыбæстæйы хæсты дыккаг къæпхæны орден, къорд майданы. Æппæты зынаргъдæр ын уыдис майдан «За отвагу» – йæ лæгдзинады нысан. Хæсты тыххæй дзурын нæ уарзта ветеран – йæ зæрдæйы йын цы арф хъæдгæмттæ ныууагъта, уыдон йæ царды кæронмæ дæр нæ байгас сты.

Хъæуы нæлгоймæгтæ нал баззад, зæрæдтæ, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæ æмхъарутæй бавнæлдтой, адæмон хæдзарадæй ма цы муртæ баззад, уыдон сног кæнынмæ, куыстой, фæллад ницæмæ даргæйæ. Бекызæйæн кæд йе 'нæниздзинад зæрдæхсайгæ уыд, уæддæр иу бон дæр æнцад бадын йæхицæн нæ саккаг кодта. Уый нæ, фæлæ йын, куыд инвалид, афтæ паддзахадæй цы фиддонтæ æмбæлд исын, уыдонæй дæр никæд ницы райста, афтæ-иу дзырдта, хæсты йæ дарæг кæмæн баззад, уыдон, дам, мæнæй уæззаудæр уавæры сты, æмæ уыдон куы бyxсынц, фæлтау сæ уыдонæн раттæнт.

1952 азы Бекызæ ссардта йæ амонд – йæ цард баиу кодта йе 'мхъæуккаг чызг Басаты Немыцаимæ (фырбуцæй йæ Дзыкъо хуыдтой). Уæдмæ фыдыусæн йæхицæн дæр зæнæг фæзынд, æмæ Бекызæйæн йæ фыды хæдзары бынат нал уыдис. Æрыгон бинонты йæхимæ цæрынмæ бауагъта сæ сыхаг, уый дæр Немыца хуындис.

Царды бирæ цæлхдурты сæрты ахызтысты дыууæ æмкъайы, сæхи фæллойæ сарæзтой хæдзар – дыууæ уаты. Уæдмæ сын дунейы рухсмæ фæзынд дыууæ хуры хуызæн чызджы, Рая æмæ Ленæ.

Дзуарыхъæуы хистæр фæлтæр хорз хъуыды кæнынц Бекызæйы – кæд асæй ныллæг нæлгоймаг уыдис, уæддæр йæ уæздандзинад йæхицæй къорд хатты стырдæр уыд. Никæд никæй хъыджы бацыд. Æгъдауылхæст, йæ кæстæртæ дæр йæхи нывтыл карст рауадысты, абон адæмы 'хсæн нымад сты, сæ ныййарджыты фарн мæрдтæм нæ ауагътой, дарддæр æй хæссынц, сæ кæстæртыл æй тауынц.

Бирæ цæрæнбон нæ саккаг кодта хъысмæт Бекызæйæн – йе 'цæг дунемæ ацыд 1992 азы, цыди йыл æдæппæтæй 68 азы. Зæгъын æмбæлы, йæ лæджы кармæ не схæццæ. Йæ хæстон хъæдгæмттæ йыл æртыхстысты, йе уæхск æмæ йæ зæнджы цы схъистæ баззад, уыдон ын бирæ хъизæмæрттæ æвзарын кодтой. Уыцы заман медицинæ афтæ размæцыд нæ уыд, æмæ сæ мæрдтæм йемæ бахаста…

Бекызæйы байзæддæгтæ нæ рох кæнынц сæ намысджын фыд æмæ бабайы. Йæ хистæр чызг Рая, зындгонд хъæбысæйхæцджыты тренер Бекъойты Адæбейы (рухс дзæнæт йæ хай) цардæмбал, æрæджы дзырдта:

– Тынг мæгуырæй схъомыл мæ фыд, мадæй сидзæр – æцæг сидзæр, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ баззад ирон адæммæ ахæм æмбисонд. Бирæ фыдæбæттæ бавзæрста, фæлæ йæ царды фæстаг бонтæм баззад зæрдæхæлар адæймагæй, алкæмæн дæр æй хорздзинад ракæнын фæндыд. Хорз бынæтты дæр куыста, уыдис скълады, фæстæдæр та – заправкæйы хицау, фæлæ йæ бынатæй никæд спайда кодта, уæлдай хоры килæ хæдзармæ никæд æрбахаста. Уæдæ-иу Уацииллайы къуырийы фыс аргæвста, Джеоргуыбайы та-иу нæм стырдæр кусарт уыд, æмæ-иу æй бадихтæ кодта – уый сидзæргæс у, æмæ йын – хай, уыдон та коммунисты бинонтæ сты, бæрæгбон нæ кæнынц, æмæ уыдонæн дæр – хай, афтæмæй-иу уæрст æрцыд кусарт. Царды йын цы бантыст, уый æрмæстдæр – йæхи фæллойæ, йæ уды хъаруйæ.

Раяйы цæстытæ доны разылдысты, йæ уарзон фыды хъæдгæмттыл дзургæйæ, йæ рыстытæ, дам-иу бынтон стыхджын сты, боныхъæд куы ивта, уæд…

Æрхæццæ та кæны Цытджын Уæлахизы бон, æмæ Гæджынаты Бекызæйы байзæддæгтæ сæ хъайтар фыд æмæ бабайæн рухсаг зæгъыны тыххæй æрбамбырд уыдзысты, æрымысдзысты йын йæ хорз хъуыддæгтæ æмæ сæ дарддæр хæццæ кæндзысты.

**ГÆДЗАУТЫ-ДЗОБЕЛАТЫ Людæ**

## Аивадæн зæрдиагæй фæлæггад кодта

**Абон газеткæсджыты мæ зæрды базонгæ кæнын ис, йæ цард культурæйы куыстæн чи снывонд кодта, ахæм диссаджы сылгоймагимæ. Уый у ЦÆРАТЫ-ДЗЕСТЕЛТЫ Клавæ.**

Клавæ райгуырд Ног Бæтæхъойыхъæуы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст йæ тæмæны куы уыд, уæд йæ фыд Алексей (Лексо) дæр хæцыд знаджы ныхмæ. Йæ цыппар сывæллоны сæ мад Анютæйы бар ныууагъта, Клавæ та гуыбны уыд, афтæмæй ацыд тохы быдырмæ æмæ фæмард хъæбатырæй. Сидзæргæс ус иунæгæй йе 'ртæ чызджы æмæ дыууæ лæппуйы тыхтухитæй фæхаста. Цот Любæ, Жорик, Райкæ, Зауырбег æмæ Клавæ, рæстæджы зындзинæдтæ æвзаргæйæ, æххормаг, дарæсхъуаг, уазалæн быхсгæйæ, æрвыстой сæ бонтæ. Райсомæй-иу сабиты мад быдырмæ кусынмæ ацыд, изæр-иу йæ нартхоры кæрдзыны хай йемæ æрхаста æмæ сыниу æй фондз дихы акодта. Клавæ ныр куыд мысы, афтæмæй-иу сæ хистæр хо Любæ, сæ ныййарæджы æрцыдмæ арт скæнон, зæгъгæ, хæцъилын дзабырты миты акъаци бæласы къалиутæ фембырд кодта, йæ къæхтæ-иу ныххуылыдз сты. Æрыгон чызгыл уыцы зындзинæдтæ æртæфстысты, фæрынчын æмæ амард. Клавæ цоты кæстæр уыд, æнахъом, кæсинаг кæй уыд, уымæ гæсгæ йæм хæдзары хабæрттæй ницы хауд, рæзыд æнæмæтæй. Райдайæн скъолайы фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Зилгæйы астæуккаг скъолайы.



ЦÆРАТЫ-ДЗЕСТЕЛТЫ Клавæ æмæ КЪУБАЛТЫ Фатимæ

— Активон фæскомцæдисон уыдтæн, ахуыр дæр хорз кодтон æмæ, 10 къласы каст куы фæдæн, уæд мæм фæскомцæдисонты бюромæ фæдзырдтой æмæ мын сæ фæндон загътой: Бæтæхъойыхъæуы ногдзауты раздзог хъæуы, æмæ дын уырдæм æнæ ацæугæ нæй. Раст зæгъгæйæ, уæлдæр ахуырмæ бацæуон, уый мæ фæндыд, фæлæ семæ не сразы уæвын дæр мæм раст нæ каст, æмæ дзы цалдæр азы бакуыстон, — дзырдта нын Клавæ.

Бæтæхъойыхъæуы сæрæн лæппутæй иу – Цæраты Албег йæ цæст æрæвæрдта уæздан æмæ куыстуарзаг чызгыл. Æрыгæттæ кæрæдзийы зæрдæмæ фæцыдысты æмæ сæ цард баиу кодтой. Йæ ног хæдзары æрбаййæфта Албеджы зæронд æнæфæразгæ мады, куыд фæстæмæ æрхуыссæнуатон ис. Уæдмæ бинонтыл бафтыдысты сывæллæттæ Æхсарбег, Галя æмæ Валя. Клавæйы бахъуыд йæ куыст ныууадзын.

Æфсин хуыссæнæй нал сыстад 5 азы, æмæ йæм чындз йæ цотимæ каст, лæггад ын кодта, цыма йæхи чызг уыд, афтæ. Йе 'цæг дунемæ куы ацыд ус, уæд Клавæмæ иу бон хъæуыхицау Сартуаты Георги фæдзырдта æмæ йын загъта, нæ клубы киномеханик хъæуы, æмæ, дам, уыцы бынаты ды хъуамæ райдайай кусын. Клавæ бакатай кодта, уыцы дæсныйад куы нæ зонын, зæгъгæ. Беслæнмæ, дам, кинотеатр «Спутник»-мæ Алыккаты Хасанмæ ацу, æмæ дын бацамондзæн. Георги Бæтæхъойыхъæуы кадджын, дзырддзæугæ лæг уыд, æмæ йæ йæ зæрдæхудт райсын нæ бафæндыд. Ацыд Хасанмæ, æмæ йын бацамыдта механичы куыст.

Цыппар азы фæстæ та йæм ногæй Сартуаты Георги æмæ парторг Цъыккаты Дзæрæх басидтысты сæхимæ. Сылгоймаг стыхст, цы мæ кæнынц, зæгъгæ. Уыдон та йын загътой, цæмæй клубы директорæй кусын райдайа.

— Раст зæгъгæйæ, клуб тынг æдзæллаг уыд, фæлæ сразы дæн. Æцæг мæ размæ иу цæлхдур сæвзæрд — мæ аивадон разамонæг Бедойты Беллæ декреты ацыд. Фæхъуыды кодтон, йæ бынатмæ кæй райсон, зæгъгæ, æмæ Къубалты Фатимæйыл æрлæууыдтæн. Активон архайæг уыд аивадон къордты, æмæ йыл мæ зæрдæ дарддтон, сарæхсдзæн, уый мæ уырныдта. Уыцы рæстæг каст фæцис 10 къласы. Хъæуыхицауæн бамбарын кодтон мæ фæндон. Ацы фарстайы фæдыл баныхас кодтам уæды районы культурæйы хайады сæргълæууæг Берозты Алыксандримæ. Немæ сразы. Афтæ æрлæууыд аивадон къордты сæргъы æрыгон чызг, æмæ иумæ фæкуыстам 30 азы – 2014 азмæ. Аивæдты училищæ каст фестæм дыууæйæ дæр. Уым ма сахуыр кодта мæ кæстæр чызг Валя дæр, — дзырдта раздæры клубы директор.

Клавæ йæ фæллад уадзынмæ куы рацыд, уæд йæ бынат ратта, иузæрдион куыст цы Фатимæимæ фæкодта, уымæн, æмæ ныр æнæфадæттæй 11 азы кусы. Бæтæхъойыхъæуы Культурæйы хæдзар тынг рагæй нæй. Зæронд уыд йæ бæстыхай æмæ ныккалд. Скъолайы сын бынат раттой, фæлæ сæхи хъæуы, зæгъгæ, сæ цыбыр рæстæгмæ рарвыстой. Сагъæсты бацыдысты, уæдæ цы фæуæм, зæгъгæ, культурæйы кусджытæ. Иу бон Клавæйæн хъæуы амбулаторийы кусæг афтæ: мæнæ мах фарсмæ ис бынат, колхозы цехтæ уыдысты. Уæд хæдзарады сæрдар Ханайты Таймураз уыд, йæ тыхстдзинад ын бамбарын кодта Клавæ. Бахатыд æм, кæмæй нал пайда кæнут, уыцы бæстыхæйттæ нын ратт, зæгъгæ. Таймураз æмбаргæ лæг уыд, Клавæйы уды катай бамбæрста æмæ йын загъта: «Æхцайæ баххуыс кæнын дын мæ бон нæу, фæлæ æрмадзы бæстыхæйттæ дæу фæуæнт».

Сæрдар ын цы бæстыхæйттæ радих кодта, уыцы къуымты клуб сарæзта. Абон, уыцы рæстæг куы æрымысы, уæд фæзæгъы:

— Уæды арæзтадон бригады сæргълæууæг Джериаты Батрадзмæ (уый дæр раздæр цыбыр рæстæг клубы директорæй акуыста) бахатыдтæн, рудзынг кæм ис, уый бынаты ма нын дуар акъæртт кæн, зæгъгæ. Уайтагъд æй йæ кусджытимæ фегом кодтой, асинтæ дæр ма дзы ацарæзтой. Сæ цæрæнбон бирæ нæ хъæуы лæппутæн, уыдон та нæм æрмæг балхæнынæн æхцайæ фæкастысты, — дзырдта Клавæ.

Дарддæр цыдæриддæр хъуыди цалцæггæнæн куыстытæ бакæнын, уыдон фæкодта Фатимæимæ. Афтæмæй, фыдæбæттæ бавзаргæйæ, сæхицæн кусæн бынат сарæзтой Бæтæхъойы аивады кусджытæ. Кæд сæ авналæнтæ парахат нæ уыдысты, уæддæр, сæ амал куыд уыд, афтæ архайдтой, хъæубæстæ сæм тындзыдтой сæхи аирхæфсынмæ. Ахæм æркаст-иу нæ уыд районы, республикæйы, æмæ разаг бынæттæ ма бацахсой сæ къордты архайджытæ. Культурæйы артдзæсты кусджытæ æхсæнадон куыстытæй дæр иппæрд никуы уыдысты. Æвзæрстыты афон, сфыстыты рæстæг, зиутæ аразгæйæ — алы хатт дæр разæй цыдысты. Нæ фембæлды рæстæг Клавæ загъта:

— Бирæ зындзинæдты сæрты ахызтæн, фæлæ 60 азы ам цæрын, æмæ мæм ардыгæй ацæуын зын кæсы. Мæ лæппу алыбон мемæ тох кæны, Дзæуджыхъæуы цæры æмæ мæ уырдæм кæны, фæлæ æз нæ цæуын, кæм базæронд дæн кад æмæ радимæ, уыцы хъæуы адæмимæ мæ фæнды цæрын.

Æгадæй кæй нæ фæцардтæн, мæ уарзон хъæуы кæй фæкуыстон, мæ цот раст фæндагыл лæуд кæй сты, уымæй сæрыстыр дæн. Сахуыр кодтой, Æхсарбег Хъæууонхæдзарадон институт фæцис каст, Галя у ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, Валя аивадон дæсныйад райста. Алкæмæн дæр сæ ис бинонтæ, кæстæртæ.

Бæтæхъойыхъæуы культурæйы кусджытæн та мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй нæ районы, республикæйы хицауад æркæсой æмæ сын клуб саразой. Æртæ Советон Цæдисы Хъæбатыры цы хъæуæй рацыд, уым аивады артдзæст ма уæд нырмæ, уый мæм раст нæ кæсы. Ис нæм тынг хорз фæсивæд, æмæ сæ курдиат, сæ арæхстдзинад кæм равдисой, ахæм фадат сын нæй.

Цæраты Клавæимæ фембæлд мæ иу хъуыддагыл фидарæй бауæндын кодта – адæймаг йæ куыст зæрдиагæй куы кæна, уæд адæмы фарнæй алы хатт дæр хайджын вæййы.

**ХОСОНТЫ Земфирæ, авторы ист къам**

## Мадæлон æвзаг, куыд адджын дæ, куыд!..

**Цæвиттон, ивгъуыд æнусы æртынæм азты Дард Хурыскæсæны паддзахадон арæны сæрты ахизынмæ хъавыд æрыгон лæппу.**

Арæнхъахъхъæнджытæ йæ æрцахстой, æбакодтой йæ комендатурæмæ æмæ йæ тызмæгæй фарстой, кæдæм цыдтæ, дæ цыды сæр цы уыд æмæ афтæ дарддæр. Иуафон уыцы уатмæ æрбахызт бæзæрхыг фæтæнуæхск саулагъз нæлгоймаг, булкъон, æмæ бандоныл æрбадт, кæсы, лæмбынæг хъусы, йæ дæлбар æфсæддонтæ цы архайынц, уымæ.



Слестгæнджытæ тызмæгæй-тызмæгдæр кæнынц, цæвынил дæр нæ ауæрдынц. Лæппуйы басæттынмæ бирæ нал хъæуы, уый бамбæрста булкъон, сыстад йæ бынатæй, тымбыл къухæй стъол æрцавта æмæ лæппуйыл хъæртæ кæнын систа:

– Ты что здесь цирк устроил, мерзавец! Ма басæтт, негодяй, куыдзæйгуырд!

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы булкъон уыд хъæдгæройнаг Хъæрæцаты Хадзыбечыр. Æртæ æфсымæрæй дæр уыдысты афицертæ.

**СÆБÆТХЪУАТЫ Фатъимæт, фæллойы ветеран, Беслæн**

Дзырдæппарæн

## «Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ»

*(Осетия-Ирыстоны телевизион экранæй)*

**Институты куы ахуыр кодтон, уæд нын ирон æвзаг амыдтой Багаты Никъала æмæ Карсанаты Бимболат. Уыдонæй хуыздæр ирон æвзаг зонгæ дæр ничи кодта, амонгæ дæр. Æмæ нын, вазыгджын дзырдтæ куыд фыссын хъæуы, уый афтæ амыдтой: вазыгджын дзырд цы дыууæ хуымæтæг дзырдæй арæзт вæййы, уыдонæй кæд дыккаг райдайа æзыланг мырæй, уæд уыцы æзыланг мыр йæхи раивы зылангонæй. Мæнæ афтæ: «мыд» æмæ «хуыз» – «мыдгъуыз», «игæр» æмæ «хуыз» – «игæргъуыз», «арв» æмæ «хуыз» – «æрвгъуыз». Уæд уыцы вазыгджын дзырд иуæй кæны æнцондзурæн, иннæмæй та йыл зылангон мыр йæ зыланг бафтауы, æмæ дзырд æнæхъæнæй дæр зыланг кæнын райдайы, æмæ, дзырд зыланг куы кæна, уымæй хуыздæр цы и!**

**Уый фæстæ ахуыргæнæгæй куы куыстон, уæд æй, кæй зæгъын æй хъæуы, æз дæр амыдтон афтæ. Ныр æз скъолайæ фæиппæрд дæн æмæ нæ зонын, куыд амынд цæуы вазыгджын дзырды растфыссынад. Фæлæ мыхуыры оргæнтæ æмæ телеуынынад сæ хъус нал дарынц уыцы фæткæвæрдмæ, нал ивынц дыккаг дзырды æзыланг мыр зылангонæй, фыссынц: «бурхуыз», «игæрхуыз», «æрвхуыз». Æмæ та мæхи бафæрсын: цымæ аивтаиккой, цы фæткæвæрды кой кæнын, уый? Æмæ уæд йæ кой куыд нæ райхъуыст?**

*ХУЫГАТЫ Сергей*

## Спортивон фидиуæг



### Хъæбысхæст

# Ерыстæй ссардтой Сосланы рухс ном

**Ирыстоны уарзон фырт, таурæгъон богал, фæзминаг, уæздан æмæ зæрдæхæлар адæймаг, Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау, дунейы цыппар хатты чемпион Андиаты Сосланы номарынæн Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Бадзийы номыл Спортивон галуаны йæ райгуырæн бон – 21 апрелы Сосланы номыл хъæбысхæсты скъолайы кусджыты хъæппарисæй. арæзт æрцыд турнир уæгъдибар хъæбысхæстæй.**

Ацы скъолайы директор Коцты Георги куыд зæгъы, афтæмæй сæ фарсмæ æрбалæууыд æмæ йе 'ххуысы хай бахаста ныртæккæ Мæскуыйы уæвæг не 'мзæххон Джыккайты Игор: «Джыккайты Игор у, Андиаты Сосланæн стыр аргъ чи кодта, уыцы адæймæгтæй иу. Ноджы ма Игоры тынг фæнды, нæ уæгъдибар хъæбысхæсты раздæры æн... кусджытæн. Уæлдай бузныг стæм Джыккайты Игорæй. Уый ма йæхи хардзæй уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсæг командætæн саразта æхцайы премитæ дæр. Афтæмæй, уыдонæн лæвæрд æрцыд кубоктæ, майдантæ, грамотæтæ æмæ æхцайы премитæ», – загъта Коцты Георги.

ла æмæ Андиаты Сосланы номыл Олимпиаг фæсауæрцгæнæг Спортивон скъолайы командæ «Олимп».

Хистæр кары (2012-2013 азты гуырд) ерыс кодтой дæс командæйы: Алагиры, Æрыдоны, Дигорайы, Æрæфы, Рахизфарсы районты командæтæ æмæ Дзæуджыхъæуы фондз командæйы: «Спартак», РСШ, Хæдарцаты Асланы номыл Хъæбысхæсты академи, «Олимп» æмæ Спортивон-цæттæгæнæн центр (ЦСП).

Кæстæр кары командæты ерысты фыццаг бынат рамбылдтой Андиаты Сосланы номыл скъолайы командæ



бар хъæбысхæсты раздæры æнтыстдзинæдтæ нæ кæстæртæй рохуаты куыд нæ баззайой æмæ та нæм ног дунеон æмæ олимпиаг чемпионтæ куыд сырæзой. Сосланы номарынæн турнир мах сарæзтам командæты 'хсæн. Командон ерыстæ кæстæртæн сты пайдайы хос, æмæ нæ турнир дæр у ууыл дзурæг. Абон дзы архайынц цыппæрдæс командæйы. Уыдонæй цыппар сты 2014-2016 азты гуырд лæппутæ, иннæ дæс командæйы та хæцынц 2012-2013 азты гуырд æрыгон богæлттæ. Командон ерысты æвзонг богæлттæ кæрæдзиимæ кæнынц æнгомдæр, æмæ уый у æххуыс хъомыладон куыстæн.

Стыр бузныг зæгъæм, ерыстæ ацæуыныæн нын чи 'ххуыс кæны, уыцы медицинон кусджытæн, тæрхонгæнджытæн, Спортивон галуаны

Ерыстæ дыууæ кары богæлтты 'хсæн рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Æвзонг богæлтты архайд кæд æнæрæдигæ нæ уыд, уæддæр зæрдæ æлхæдта сæ тырнындзинад уæлахизмæ. Æвзонг богæлттæ архайдтой, тренировкæты сын сæ тренертæ цы хъæбысхæсты райстытæ (приемтæ) амыдтой, уыдонæй спайда кæнынмæ æмæ алыхуызон æппæрстытæ кæныныл. Уый, иуварсæй кæсгæйæ, уынддзындæр кæны богæлтты хæст.

Командæты 'хсæн ерысты архайдтой, куыд Дзæуджыхъæуы спортивон клубтæ æмæ скъолаты командæтæ, афтæ нæ республикæйы фондз районы командæтæ.

Кæстæр кары ерысы бацыдысты Республикон спортивон скъола (РСШ), «Спартак», Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты скъолайы «Олимп»-ы богæлттæ. Дыккаг бынатмæ рацыд РСШ, 3-аг та ссис спортивон клуб «Спартак».

Тынг цымыдисаг рауадысты 2012-2013 азты гуырд æрыгон богæлтты командæты ерыстæ. Ацы ран æппынфæстаг 1-аг бынат рамбулыныл кæронбæттæнмæ рацыдысты Рахизфарсы районы богæлттæ æмæ Дзæуджыхъæуы командæ «Спартак». Сæ фембæлды 1-аг бынат рамбулын бантыст Рахизфарсы командæйæн. Сæ фæстæ 3-аг бынат бацахста Республикон спортивон скъолайы (РДЮСШОР) командæ.

Æнæмæнг, турнир у æрвылазон æй скæныны аккаг.

**БАСКАТЫ Уырызмæг,**
**къам систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

## Ивгъуыд азтæ мысгæйæ

# Эйфелы мæсыгæй – ирон куывд

**Хуыцауы фæндæй, Уастырджийы æххуысæй, иуахæмы Францы бæстæмæ бахаудыстæм. Йæ хуссар фарс, Бискайы бакæлæны был, горæт Конфоланы цыд фольклорон фестиваль, Джызæлы «Арт» дæр уырдæм уыд хуынд.**

Хæдтæхæгæй – Парижмæ, уырдыгæй хъуамæ ацæуæм автобустыл. Парижы нын иу бон улæфынмæ уыд, æмæ нæ экскурсийы ракодтой. Тынг рæсугъд сахар, йæ хидтæ, йæ уынгтæ, йæ фæзтæ æмæ Эйфелы мæсыг. Схызтыстæм кæцыдæр уæладзыгмæ æмæ бæрзондæй кæсæм, Париж нæ бынмæ. Иу рæстæг мæм Цæллагкаты Адекк иуфарс фæдзырдта: «Ам агуывзæ никуы ис, мæнæ ацы дыууæ рауагъды арахъхъæй акувæм». Йæ ронæй систа литруат грелкæ. Æз бауадтæн æмæ доннуазæн автоматæй гæххæттын агуывзæтæ 'рбадавтон. «Рауадз, кæстæр, æмæ бакувæм, фæлæ бирæ ма рауадз, двайно у, дæс азæй фылдæр лæууыд ныккæнды», – загъта Адекк.

Агуывзæ æрдæгмæ байдзаг кодтон æмæ йæ мæ хистæрмæ авæрдтон. Адекк Хуыцаумæ бакуывта, Уастырджийыл бафæдзæхста нæ балц æмæ йæ анызта. Æз мæхимæ дæр рауагътон æрдæг агуывзæ, æмæ уыцы рæстæг нæ тæлмацгæнæг Филипп нæ цуры алæууыд.

«О! Æмбæлæггаг! Авæр ма йæм нуазæн!» – сцин кодта нæ чидæр. Æз агуывзæ Филиппы къухы фæцавтон. Райста йæ, сысмыста йæм æмæ йæ анызта. «Виски, виски», – футтытæгæнгæ ацыд. Æз дæр ма арахъхъы хай ахуыпп кодтон, æмæ автобусмæ рацыдыстæм. Хъахъхъæнæм Филиппы, æмæ уынæм – фæстаг бадæны уæлгоммæ йæ хуыр-хуыр цæуы. Уый та дын виски, гъе!

***Дæ хуызæн у, æвæццæгæн, дзæнæт.***
***Дæу бауарзтон сыгъдæг, уæларвон уарзтæй,***



**ПАРИЖ**

***Ныхæстæй дæ нæй радзурæн, Париж!***
***Дæу хъуамæ лæг йæхи цæстытæй фена.***
***Дæ уынгтыл, аргъуантыл, дæ фæзтыл кæнын дис.***
***Дæ аргъау-хидты бын куыд зары Сенæ.***

***Æхсæв дæм Эйфелы мæсыджы сæрæй кастæн.***

***Мæ зæрдæйы ныууагътай арф дæ фæд***

***Фæлæ хатыр, мæ зæрдæйы дыккаг дæ,***
***Зынаргъдæр мын – мæ фыдæлты мæсыг,***
***Ирон адæмыл баст дæн æз мыггагмæ***
***Ирыстоныл мæ цин æмæ мæ хъыг...***

**ТОРЧЫНТЫ Михал (Бабу),**
**Джызæл**

## Сфæлдыстадон изæр

# Йæ Хуыцау – рæстдзинад

**Рахизфарсы районы Заманхъулы Чеджемты Æхсар æмæ Георы номыл Культурæйы хæдзары уыд нæ республикæйы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдары хæдивæг, зындгонд прозаик ЦОМАРТАТЫ Изæтбеджы сфæлдыстадон изæр «Йæ Хуыцау – рæстдзинад». Йæ саразыныл бацархайдтой Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музей, Фысджыты цæдис æмæ Заманхъулы Культурæйы хæдзары разамынд æмæ аивадон къордтæ.**

ахуыргæнæг Карсанаты Радимæ, фæллойы ветеран Хъуыдакаты Хъасболат, æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы уæнг Таутиаты Минтæ. Цхуырбаты Сергей бакаст йæхи фыст æмдзæвгæ Цомартаты Изæтбегæн.

Цомартаты Изæтбеджы ирон адæмон музыкалон инструменттæй цæгъдыны аивады равдыстой Рахизфарсы районы Культурæйы галуан æмæ Заманхъулы аивады артдзæсты хихъæппæрисадон къорды архайджытæ.

Сфæлдыстадон изæр сараздзытæн, йæ архай...

Сфæлдыстадон изæр райдыдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы ирон адæмон музыкалон инструментты оркестр «Ирыстон»-ы аив цæгъдтытæй. Йæ аивадон разамонæг æмæ дирижер – Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист Ходы Олег.

Уый фæстæ Рахизфарсы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамынды номæй Изæтбегæн зæрдиаг арфæтæ ракодта Культурæйы хайады сæргълæууæг Хуыгаты Батрадз. Ратта йын Кады гæххæтт æмæ зæрдылдарæн лæвар.

Зындгонд фыссæг Цомартаты Изæтбегæн йæ райгуырæн хъæуы сфæлдыстадон изæр саразынæн уыд дыууæ æхсызгон æфсоны. Иуæй, йæ роман-трилоги «Зынгхуыст бæллицтæ»-йы æртыккаг чиныг рацыд æрæджы мыхуыры. Иннæмæй та йын æрæджы лæвæрд æрцыд нæ республикæйы адæмон фыссæджы кадджын ном.

Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Цомартаты Изæтбеджы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй сæ хъуыдытæ загътой ацы рæнхъыты автор, сценарийы автор æмæ сфæлдыстадон изæр амонæг, Фысджыты цæдисы сæрдар, литературæиртасæг Хозиты Барис, зындгонд поэттæ Торчынты Хъазыбег æмæ Къадзаты Станислав, журналтæ «Мах дуг» æмæ «Ногдзау»-ы сæйраг редактортæ Хетæгкаты Оксанæ æмæ Сæлбиты Дианæ, Изæтбеджы æмкъласон, зындгонд ахуыргонд Хъуысаты Батырбег, Заманхъулы астæуккаг скъолайы



**ЦОМАРТАТЫ Изæтбег йæ бинонтæ æмæ хиуæттимæ**

радзырдтæй æмæ роман «Зынгхуыст бæллицтæ»-й хицæн скъуыддзæгтæ аив бакастысты æмæ уыдонмæ гæсгæ сценикон нывтæ равдыстой хъæуы Культурæйы хæдзары драмон æмæ ирон аив дзырды къордты архайджытæ Сæлбиты Батрадз æмæ Лерæ, Хъуыдакаты Зауырбег æмæ Æгайты Алинæ. Сфæлдыстадон изæры сæ курдиат кафт æмæ зарды, джытæн, уазджытæн, йæ райгуырæн хъæуы цæрджытæн арфæ ракодта Цомартаты Изæтбег.

Дзæуджыхъæуы Ирон литературæйы музейы зонадон кусджытæ æмæ хъæуы библиотекæйы сæргълæууæг Æгайты Заремæ бацæттæ кодтой фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадыл дзурæг æрмæджыты мидисджын равдыст.

**ГАСАНТЫ Валери**

## Хъомылад

# Хъæбатыртæ – æнусмæ мысинаг



**Дзæуджыхъæуы 40-æм скъолайы хъомыладон куыст бæрзонд æмвæзадыл æвæрд у. Ам кадджын уавæры байгом кодтой Хъайтарты партæтæ.**

Нырæй фæстæмæ уыцы партæтæ уыдзысты лæгдзинад, намыс æмæ Райгуырæн бæстæйыл иузæрдиондзинады символтæ.

Партæтæ кæй номыл байгом кодтой, уыдонæй иу – Виктор Галкин Павелы фырт, Советон Цæдисы Хъæбатыр. Хъайтар кæрæй-кæронмæ фæцыд хæсты тугæйдзаг фæндæгтыл, уæззау цæф фæци Керчы, фæлæ стыр лæгдзинад равдыста, Керчы донбакæлæны сæрты хизгæйæ, æмæ йын уый тыххæй саккаг кодтой Хъайтары сыгъзæрин стъалы.

Хæсты фæстæ Виктор цард æмæ фæллой кодта Дзæуджыхъæуы, стыр хъомыладон куыст кодта фæсивæды 'хсæн, йæ цард та сын уыд фæзминаг.

Ладо Давыдов Шириншайы фырт — хæстон сгарæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты активон архайæг, Советон Цæдисы Хъæбатыр. Ассирийаг лæппу райгуырд Дзæуджыхъæуы, Сырх Æфсады рæнхъытæм бархийæ ацыд 1942 азы.

Ладо Давыдов Фыццаг Прибалтийаг фронты 43 æфсады 306 дивизийы рæнхъыты Витебскы облæсты цæугæдон Западная Двинайы сæрты бахызт йе сгарджыты къордимæ æмæ хъæу Шарыпинойыл уæззау тохы немыцаг штабы документтæ байста, амардта цалдæр немыцаг салдат æмæ афицеры. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном, йæ партæйыл та бадыны бар уыдзæн хуыздæр ахуырдзаутæн.

Александр Подковин Игоры фырт – Уæрæсейы Хъæбатыр фæмард сæрмагонд æфсæддон операцийы, йæ размæ æвæрд ахсджиаг хæстæ æххæстгæнгæйæ, .

Кадджын мадзалы архайдтой Уæрæсейы Хъæбатыр Рубен Днепровскийы мад Татьяна Днепровская, Александр Подковины цардæмбал æмæ йæ лæппу.

Хъайтартæ нæ мæлынц, сæ рухс нæмттæ нын – æнусмæ мысинаг.

**БУТАТЫ Азæмæт,**
**къам систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 424. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**